



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM PILÒT AP KÒMANSE ADMINISTRE
VAKSEN KONT COVID-19 JOHNSON & JOHNSON LAN NAN SIT VAKSINASYON
AN MAS KE ETA A AP JERE YO**

***Sit vaksinasyon an mas nan estad Yankee, Sant Javits ak Fwa Eta New York ap
ajoute randevou anplis epi yo ap fonksyone 24 sou 24, 7 jou sou 7***

***Sit estad Yankee ke Eta New York/Vil New York ap jere ansanm lan ap kòmanse
administre vaksen Johnson & Johnson lan jedi 4 mas la ant 8 PM ak 7AM;
randevou yo ap lanse a 11AM mèkredi 3 mas la***

***Sit Sant Javits la ap kòmanse administre vaksen Johnson & Johnson lan nan
vandredi 5 mas la, ant 9 PM ak 6 AM; randevou yo ap lanse a 8 AM nan madi 4
mas la***

***Sit fwa Eta a ap kòmanse administre vaksen Johnson & Johnson lan vandredi 5
mas ant 10 PM ak 6 AM; radevou yo ap lanse a 8 AM jedi 4 mas la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta New York ap lanse nouvo pwogram pilòt pou kòmanse administre vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson lan bay Nouyòkè ki elijib yo pandan èdtan lannwit yo nan sit vaksinasyon Estad Yankee (Yankee Stadium) a, sit vaksinasyon Sant Javits (Javits Center) la ak sit vaksinasyon Fwa Eta New York la. Apre yon diskisyon avèk Gwoup Travay sou COVID-19 Mezon (White House COVID-19 Task Force) la, New York ap pran mezi pou distribye alokasyon vaksen Johnson & Johnson lan pi rapidman posib, paske yo te enfòme Eta yo ke pral genyen yon reta nan alokasyon semèn apre a. Nan kad efò sa a, moun pral pran plizyè milye nouvo randevou nan chak nan twa sit yo nan jou ki ap vini yo. Konte yo, famasi yo, ak Sant ki Federalman Kalifye (Federally Qualified Health Centers) yo pral resevwa tou alokasyon Johnson & Johnson semèn sa a.

New York prevwa li ap resevwa apwoksimativman 164,800 dòz vaksen Johnson & Johnson semèn sa a. Kòm founiti federal nan nouvo vaksen sa a ogmante, nou pral adapte ak elaji efò sa yo pou lòt sit yo nan tout Eta a. New York ap tann pwochen alokasyon vaksen Johnson & Johnson li a nan apwoksimativman dis jou.

"Mezon Blanch lan te fè gwo pwogrè nan sekirize vaksen Johnson & Johnson anplis, epi Eta New York pral resevwa yon gwo alokasyon inisyal nan yo pou yo administre pandan pwochen semèn lan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pral genyen answit yon

reta nan pwodiksyon Johnson & Johnson lan jiskaske li remonte ankò apeprè nan de (2) semèn pita. Plan pilòt sa a pral maksimize dòz inisyal vaksen Johnson & Johnson lan epi mete plis piki posib nan bra yo."

Pou asire yon administrasyon vaksen Johnson & Johnson lan ki efisyan epi ki byen kanalize, nou pral administre dòz sa yo separeman ak vaksen Pfizer yo nan sit sa yo. Pandan ke vaksen Pfizer a egzije de (2) dòz, vaksen Johnson & Johnson lan egzije yon sèl.

Rezidan Bronx ki ap chèche randevou ke yo ap rann disponib nan Estad Yankee a nan kad pwogram pilòt sa a, ta dwe vizite [Somosvaccinations.com](https://www.somosvaccinations.com) oswa rele 1-833-SomosNY, apati 11 AM mèkredi 3 mas la. Nouyòkè ki elijib ki ap chèche randevou nan sit Sant Javits la oswa sit Fwa Eta New York la kapab fè sa lè yo itilize [sitwèb 'Am I Eligible'](#) (Èske Mwen Elijib) New York la oswa lè yo rele Liy Asistans sou Vaksinasyon kont COVID-19 Eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Plan pilòt sa a pa pral afekte operasyon ki ankou yo ki konsanstre sou administre Vaksen Pfizer a. Detay espesifik sou plan pilòt la pou chak sit yo repati konsa:

Estad Yankee (Rezidan Bronx Sèlman)

Adrès: 1 E 161 St, The Bronx, NY 10451

Dat Kòmansman Plan Pilòt la: Jedi 4 mas

Lè Operasyon Plan Pilòt la: 8 p.m. - 7 a.m.

Randevou yo:

- Randevou yo pral lanse a 11 AM mèkredi 3 mas la
- Rezidan Bronx ki ap chèche randevou yo ta dwe vizite [Somosvaccinations.com](https://www.somosvaccinations.com) oswa rele 1-833-SomosNY

Javits Center

Adrès: 429 11th Ave, New York, NY 10001

Dat Kòmansman Plan Pilòt la: Vandredi 5 mas

Lè Operasyon Plan Pilòt la: 9 p.m. - 6 a.m.

Randevou yo:

- Randevou yo ap lanse a 8 AM madi 4 mas la
- Nouyòkè ki elijib ki ap chèche randevou yo ta dwe vizite [sitwèb 'Am I Eligible'](#) New York la oswa lè yo rele Liy Asistans sou Vaksinasyon kont COVID-19 Eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Sit Fwa Eta New York

Adrès: 581 State Fair Blvd, Syracuse, NY 13209

Dat Kòmansman Plan Pilòt la: Vandredi 5 mas

Lè Operasyon Plan Pilòt la: 10 p.m. - 6 a.m.

Randevou yo:

- Randevou yo ap lanse a 8 AM madi 4 mas la

- Nouyòkè ki elijib ki ap chèche randevou yo ta dwe vizite [sitwèb 'Am I Eligible'](#) New York la oswa lè yo rele Liy Asistans sou Vaksinasyon kont COVID-19 Eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Etablisman pwogram pilòt sa a vini apre [anons](#) lendi a kote Gwoup Travay Konsiltatif Klinik Eta New York (New York State Clinical Advisory Task Force) la te rekòmande alinanimite vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson lan nan Eta New York. Sa te vini tou apre rekòmandasyon pou otorizasyon itilizasyon ijans komite konsiltatif Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)